

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra mangrupa hasil karya atawa éksprési jiwa pangarang atawa bisa jadi refleksi tina kahirupan sapopoé. Ieu hal ditétélakeun ku Lacan dina Endraswara (2013, kc.129). Hartina dina karya sastra aya hal nu nyamuni nu rék ditepikeun ku pangarang ka nu maca, tur bisa jadi sastra téh salah sahiji média minangka potrét kahirupan nu aya di masarakat.

Pangalaman jiwa jeung rasa pangarang bisa mangaruhan kana karya sastra anu dihasilkeunna. Upamana waé pangarang nu keur ngarasa kuciwa atawa bungah karya nu dihasilkeunna mungkin waé tema atawa suasanana sedih atawa gumbira. Salian ti éta bisa waé kajadian nu kaalaman ku pangarang diébréhkeun ngaliwatan karyana.

Tangtuna waé dina karya sastra ngandung unsur intrinsik. Éta unsur intrinsik téh di antarana nya éta palaku, setting, alur atawa plot, tema jeung masalah, jeung nu séjénna. Unsur nu aya dina karya sastra mangrupa beungkeutan nu gembleng teu bisa dipisahkeun antar unsur-unsurna sabab antara unsur nu hiji jeung nu séjénna raket pisan patalina.

Palaku dina hiji karya tangtuna waé miboga aspek kajiwaan nu diciptakeun ku pangarangna. Aspék kajiwaan nu aya dina diri palaku diébréhkeun ku sababaraha cara. Éta aspék-aspék kajiwaan téh bisa disawang tina sisi psikologi.

Karya sastra jeung psikologi teu bisa dipisahkeun, lantaran palaku gambaran sikep manusa dina kahirupan sapopoé. Pasualan manusa salaku mahluk individu jeung sosial tangtuna waé teu bisa leupas tina psikologi. Psikologi ngulik “jiwa” manusa nu miboga pangalaman anu béda antara hiji jalma jeung jalma séjénna. Sastra jeung psikologi ngamangpaatkeun hal nu sarua, nya éta pangalaman atawa kajiwaan manusa, tapi dina sastra mah sikep palaku téh diulik ku psikologi sastra.

Tujuan tina psikologi sastra nya éta maham aspék-aspék kajiwaan dina hiji karya, ku cara maham karakter palaku, kaasup maham kana parobahan, *kontradiksi*, jeung hal anu nyimpang nu aya di masarakat hususna nu aya patalina

jeung *psike*. Salian ti éta, psikologi sastra miboga peran nu penting dina maham sastra sabab aya sababaraha kaonjongan saperti: pentingna psikologi sastra pikeun ngamutala'ah nu leuwih jero kana aspék watek; sangkan nu nalungtik neleban masalah watek. Aya tilu cara pikeun maham hubungan antara psikologi jeung sastra, nya éta: 1) maham unsur kajiwaan pangarang salaku nu nulis; 2) maham unsur kajiwaan palaku *fiksional* dina karya sastra; jeung 3) maham unsur kajiwaan nu maca. Psikologi sastra niténan masalah kajiwaan palaku nu aya dina karya sastra (Ratna dina Minderop, 2013, kc. 54).

Gambaran psikologi sastra bisa kapanggih dina novel *Sripanggung*. Novel *Sripanggung* karya Tjaraka mangrupa salah sahiji novel nu latar atawa settingna di kontrak atawa perkebunan entéh. Ieu novel miboga daya tarik nu husus dibandingkeun jeung novel nu séjénna, sabab nyaritakeun kumaha kahirupan urang Sunda nu aya di kontrak. Kahirupan masarakat nu kudu indit subuh bari jeung digajih teu sabaraha, kahirupan nu kudu nurut ka dunungan, sarta robahna kahirupan harita nu geus nyorang kamerdékaan nu jadi sabab robahna sikep palaku-palaku nu aya dina carita. Najan geus nyorang kamerdékaan masih aya kénéh sawatara hal nu teu bisa leungit, nya éta status sosial nu ngabédakeun cacah jeung menak. Ieu hal nu ngabalukarkeun palaku nu ngarana Empat luluasan ninggalkeun imahna sabab manéhna embung jadi cocooan Tuan Kawasa.

Novel-novel Sunda umumna nyokot latar tempat di kampung atawa di kota, jarang aya novel Sunda nu nyokot latar tempat di kontrak entéh. Hal ieu pisan nu ngabédakeun novel *Sripanggung* jeung novel séjénna. Kamekaran novel Sunda mimitina ditandaan ku medalna novel *Baruang ka nu Ngarora*. Ti dinya mah tuluy waé medal novel-novel séjén nu alur, palaku, tema, gaya nyarita pangarangna, gaya basa, jeung eusi carita nu ditepikeunna kawilang anyar.

Ulikan psikologis mangrupa panalungtikan anu penting dilakukeun, katitén tina lobana panalungtikan nu saacanna dina wangun skripsi ti mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, di antarana: “Sawangan Psikoanalisis kana Novel *Pangantén* karya Deden Abdul Aziz” (Andriany, 2005); “Aspek Psikologis Carpon *Sintung Kalapa* Karya Iskandarwassid” (Hapitasari, 2005); “Kajian Psikoanalisis dina Novel *Tempat Balabuh* Karya Aam Amilia” (Perdiwan, 2006);

“Palaku Novel *Pipisahan* Karya RAF (Kajian Psikologi Humanistik)” (Guntara, 2008); ”Ulikan Psikologis kana Novel *Budak Teuneung* Karangan Samsudi pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP” (Meiwindra, 2011); “Kajian Psikologi Humanistik kana Novel *Déng* Karya Godi Suwarna” (Hudaya, 2012); “Kajian Psikologi Humanistik kana Kumpulan Carita Pondok *Anak Jadah* Karya Cecep Burdansyah” (Ertanto, 2012); “Novel *Patepung di Bandung* Karangan Taufik Faturrohman Tilikan Psikologi Sasta” (Muda’im, 2013); jeung “Kajian Psikoanalisis kana Novel *Sabalakana* Karya Dadan Sutisna” (Irtanti, 2014).

Tina éta panalungtikan teu aya nu medar perkara *Sripanggung*, ku kituna perlu ayana panalungtikan ngeunaan perkara psikologi nu aya dina *Sripanggung*. Salian ti éta, novel *Sripanggung* perlu ditalungtik lantaran ieu novel miboga carita nu meuntas jaman, maksudna dina ieu novel dicaritakeun kumaha kahirupan urang Sunda nyorang mangsa saméméh jeung sanggeus kamerdékaan. Tangtuna waé palaku nu aya dina carita ngalaman parobahan sikep. Ieu panalungtikan dilaksanakeun kalayan judul *Ulikan Struktural jeung Psikologis kana Novel Sripanggung karya Tjaraka*, dipiharep ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban khasanah sastra Sunda.

1.2 Rumusan Masalah

Strukturalisme mangrupa hiji hal anu penting dina karya sastra, sabab dina karya sastra ngandung unsur pangwangunna. Dina ieu panalungtikan digunakeun unsur prosa Robert Stanton nu ngawengku tilu unsur, nya éta tema, fakta carita (alur, palaku jeung watek (penokohan), jeung latar), jeung sarana carita (judul, tilikan pangarang/ *point of view*, gaya basa). Anapon psikologis ulikan ngeunaan aspék kajiwaan dina hiji karya, ku cara maham karakter palaku. Ku kituna, ieu panalungtikan diwatesanan ku pertanyaan ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (tema, fakta carita, jeung sarana carita) dina novel *Sripanggung* karya Tjaraka?
- 2) Kumaha palaku dina novel *Sripanggung* karya Tjaraka disawang tina pamarekan psikologis?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nya éta 1) tujuan umum jeung 2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar aspék psikologi nu nyangkaruk dina novel *Sripanggung* karya Tjaraka kalawan maluruh unsur caritana.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan Husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaidentifikasi jeung ngadeskripsikeun:

- 1) strukturalisme (tema, fakta carita jeung sarana carita) dina novel *Sripanggung* karya Tjaraka.
- 2) palaku dina novel *Sripanggung* karya Tjaraka disawang tina pamarekan psikologis.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nya éta 1) mangpaat tioritis jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban tur ngabeungharan analisis ngeunaan psikologis atawa karya kritik dina hasanah kasusastraan Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis pikeun ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda jeung sacara akademis bisa meunangkeun pangaweruh ngeunaan psikoanalisis. Ieu panalungtikan dipiharep saeutikna bisa méré gambaran kumaha nganalisis hiji karya ngagunakeun sawangan psikologis.

1.5 Sistematika Tulisan

Bab I eusina kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, jeung sistematika tulisan.

Bab II eusina tiori-tiori nu jadi dadasar dina panalungtikan. Bab ieu eusina ulikan pustaka, nu mangrupa landasan tioritik dina nyusun rumusan masalah tur ngajawab tujuan tina ieu panalungtikan. Dina bab ieu eusina ngeunaan strukturalisme, psikologis, jeung novel.

Bab III eusina desain panalungtikan, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrument panalungtikan, jeung sumber data.

Bab IV eusina ngeunaan deskripsi tur analisis data atawa analisis tina objek nu ditalungtik.

Bab V eusina perkara kacindekan hasil deskripsi tur analisis objek, sarta méré saran atawa rékomendasi ka pihak nu rék nalungtik hal nu sarupa.